

Kòman m ap konnen si pitit mwen an ap travay byen nan yon pwogram?

Lekòl pitit ou a ap fè konferans paran-pwofesè ak reyinyon paran ELL chak ane pou fè w konnen kòman pitit ou a ap travay nan lekòl la. Anplis, chak prentan, y ap bay pitit ou a egzamen Eta Nouyòk bay pou evalye konpetans nan lang angle kòm dezyèm lang lan. Egzamen sa a mezire pwogrè pitit ou a nan lang anglè. Tout Elèv k ap Aprann Lang Anglè ki nan klas K–12yèm ane nan lekòl Eta Nouyòk pran li. Rezilta yo pèmèt elèv, pwofesè ak paran konprann pwen fò chak elèv ak kote yo bezwen amelyorasyon tankou nan pale, li, ak ekri. Yo itilize rezilta egzamen sa a tou pou deside si pitit ou a ap kontinye rete nan pwogram Elèv k ap Aprann Lang Anglè pou ane lekòl k ap vini an.

Suiv Pwogrè Pitit Ou a

Jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè akademik pitit ou a lè ou anrejistre pou nouvo Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) yo nan **MyStudent.nyc**. Si w bezwen plis èd konsènan jan pou w oryante w sou kont ou a, kontakte lekòl pitit ou a oswa rele **311**.



Kòman ou ka bay patisipasyon w

- Asire ke pitit ou a vin lekòl a lè chak jou, tou prepare pou l aprann.
- Asire ke pitit ou a li ak fè devwa li yo chak jou.
- Rankontre avèk konseye pedagojik lekòl pitit ou a pou diskite opòtinite kolèj ak karyè yo. Li pa janm twò ta pou planifye.
- Ale nan konferans paran-pwofesè ak nan reyinyon paran ELL.
- Ede pitit ou a jwenn yon kat bibliyotèk epi ale nan bibliyotèk souvan.
- Patisipe nan seminè ak konferans pou paran ki fèt espesyalman pou ede w ede pitit ou a.
- Fè volontè paran nan lekòl pitit ou a.
- Kreye yon anviwònman ki favorab lakay pou aprantisaj ak etid.
- Patisipe nan aktivite lekòl la tankou pwomnad, asanble, Asosyasyon paran-pwofesè, Asosyasyon paran, ak reyinyon Konsèy edikasyon kominote a.



Pou plis enfòmasyon:

- Pale avèk pwofesè pitit ou a, direktè lekòl la, konseye pedagojik la, kowòdonatè paran an oswa kowòdonatè bileng lan.
- Rele nan **311** pou jwenn adrès biwo distri lokal ou a.
- Voye yon imèl nan Biwo Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang nan **multilinguallearners@schools.nyc.gov**.
- Vizite **sitwèb Lekòl Piblik Vil Nouyòk (NYC Public Schools)** yo.

NYC
Public
Schools | **Multilingual
Learners**

POU PARAN
LEKÒL
PRESEGONDÈ AK
SEGONDÈ YO



ELÈV K AP APRANN LANG
ANGLÈ

NYC
Public
Schools | **Multilingual
Learners**

The New York City Public Schools (NYCPS) pran angajman pou bay Elèv nou yo k ap aprann Lang Anglè yon edikasyon siperyè ki valorize kilti yo, ki prepare yo pou lekòl segondè, epi ki ede yo reyisi nan kolèj ak nan karyè yo alavni. Biwo Moun k ap Aprann Plizyè Lang nan Lekòl Piblik Vil Nouyòk yo travay ak fanmi yo, kominote yo, epi lòt patnè pou asire ke elèv yo jwenn aksè egal-ego nan pwogram ki la pou ede yo aprann Anglè— epi pou yo reyisi nan tout klas yo, enkli matematik, syans, ak syans sosyal.

KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kisa yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè ye?

Yon Elèv k ap aprann lang Anglè oswa ELL se yon elèv ke lang natifnatal li pa Anglè epi ki bezwen sipò pou l aprann Anglè.

Kòman yon lekòl deside si pitit mwen an se yon ELL?

Tout paran ak responsab elèv ki fèk antre nan sistèm lekòl la oblije ranpli yon sondaj Home Language Identification Survey, ki fè estaf lekòl la konnen ki lang pitit ou a pale lakay li. Si sondaj la endike pitit ou a pale yon lang ki pa Anglè lakay li, yo ka pase l yon tès pou verifye konpetans li nan Anglè ki rele Tès Eta Nouyòk pou Idantifye Elèv k ap Aprann Lang Anglè. Tès sa a mezire konesans pitit ou a nan lang Anglè epi li fè wè ki pwogram ak sèvis sipò li bezwen. Si tès la montre ke pitit ou a bezwen sipò pou l aprann lang Anglè a, yo idantifye li kòm Elèv k ap aprann Lang Anglè.

Ki kalite pwogram ak sèvis ki disponib pou pitit mwen an?

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ofri twa pwogram pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè: Pwogram an de lang, Edikasyon bileng pou tranzisyon ak Anglè kòm yon nouvo lang.



Ki diferans ki genyen ant pwogram sa yo?

Nan pwogram **Doub Lang** yo, yo anseye elèv yo nan de lang: Anglè ak lang yo pale lakay, pa egzanp Panyòl, Chinwa oswa Fransè, pami lòt lang. Objektif pwogram sa a se pou elèv yo kapab li, ekri ak pale ni Anglè ni lang natifnatal la. Nan kou an de lang yo, yo itilize lang natifnatal la ak lang Anglè a nan menm nivo.

Pwogram **Edikasyon Bileng pou tranzisyon** yo ofri kou lekti, redaksyon ak lòt kou an Anglè ak nan lang natifnatal pitit ou a. Pandan Anglè elèv la ap amelyore, tan li pase ap aprann ann Anglè a ogmante epi tan li pase ap aprann nan lang natifnatal li a diminye. Depi yo pa idantifye yon elèv kòm yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè ankò, l ap kite pwogram nan.

Pwogram **Anglè kòm yon Nouvo Lang** ke yo te rele lontan Anglè kòm Dezyèm Lang oswa ESL, fè ansèyman an Anglè avèk sipò nan lang natifnatal elèv la pou li ka aprann li, ekri ak pale Anglè. Lang natifnatal elèv ki nan pwogram sa a gen dwa diferan epi Anglè gen dwa se sèl lang yo gen an komen pami yo.



Ki avantaj pwogram sa yo?

Gen anpil avantaj nan pwogram ELL yo:

- Elèv yo kapab itilize lang natifnatal yo pou yo aprann Anglè.
- Elèv yo aprann apresye diferan kilti.
- Elèv ki pale de lang oswa plis se yon gwo avantaj pou anplwayè nan lavni, epi yo jwenn travay pi fasil.

Eske mwen ka chwazi ki pwogram pou mwen mete pitit mwen an?

Wi. Kòm paran oswa responsab yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè, ou gen dwa pou chwazi ki pwogram ou vle pou pitit ou a. Depi ou fin chwazi yon pwogram pou pitit ou a, yo dwe mete l nan pwogram ou chwazi a nan espas 10 jou apati enskrisyon.

E si lekòl la pa gen pwogram mwe vle a?

Si pwogram ou chwazi a pa disponib nan lekòl kote pitit ou a ye kounye a, lekòl la ap ofri w de opsyon sa yo:

Opsyon 1: Ou ka kite pitit ou a nan lekòl li ye kounye a nan yon pwogram Elèv k ap Aprann Lang Anglè ki diferan. Si w fè chwa sa a, lekòl la pral mete pitit ou a nan pwogram sa a imedyatman.

Opsyon 2: Ou ka transfere pitit ou a nan yon lekòl ki gen pwogram ou enterese ladan an. Lekòl li ye nan moman an ap travay avèk Depatman edikasyon sou transfè pitit ou a. Pandan tan sa a, y ap mete pitit ou a nan yon pwogram Elèv k ap Aprann Lang Anglè pou yon ti tan nan lekòl li ye kounye a jiskaske yo fini avèk transfè a.